

# Poze kandida w pou Konsèy Edikasyon NYC



## Kisa Konsèy edikasyon pou Vil la ak pou Kominote yo ye?

Lè paran nan Konsèy edikasyon, yo gen anpil dwa nan desizyon k ap pran pou devlope règleman ak priyorite pou lekòl Vil Nouyòk. Soti nan konseye Chanselye a rive nan travay dirèkteman avèk sipèntandan distri a ak revize pwogram ak bezwen edikasyon distri a, 32 Konseye edikasyon kominote ak 4 Konseye edikasyon pou tout Vil la jwe yon wòl enpòtan nan règleman edikasyon epi ede fè lekòl leta pi bon yo ka ye.

## Konsèy Edikasyon pou Kominote (*Community Education Council, CEC*)

CEC ofri paran opòtinite pou yo gen enpak nan edikasyon nan nivo distri. Gen 11 manm ki ka vote: 9 paran elèv PreK-8yèm ane (ladan yon paran elèv ELL ak yon paran yon elèv ki gen IEP) yo eli, ak 2 manm prezidan Borough nome.

## Konsèy Edikasyon Vil la

Konsèy pou tout Vil la ofri paran opòtinite pou yo devlope règleman edikasyon pou popilasyon espesifik. Menm jan ak CEC yo, konsèy sa yo gen chak 11 manm ki ka vote (9 paran yo eli ak 2 ke yo nome), eksepte pou Konsèy vil la pou lekòl segondè ki gen 13 manm (10 paran ki eli ak 3 yo nome).

*Chak Konsèy gen tou yon (1) manm elèv ki pa ka vote.*

## 4 Konsèy Edikasyon Vil yo se:

- Konsèy Vil la pou Lekòl segondè (*Citywide Council on High Schools, CCHS*)
- Konsèy Vil la pou Edikasyon espesyal (*Citywide Council on Special Education, CCSE*)
- Konsèy Vil la pou Elèv k ap aprann lang angle (*Citywide Council on English Language Learners, CCELL*)
- Konsèy Vil distri 75 *Citywide Council for District 75 Council (CCD75)*

## Eleksyon Konsèy Edikasyon

Yo fè eleksyon pou Konsèy edikasyon chak dezan dapre règ lwa eta Nouyòk espesifye. Peryòd aplikasyon ap ouvri nan **14 fevriye 2019**. Gade paj ki vini apre a pou wè kondisyon kalifikasyon ak orè pou kanpay yo.

**Pou plis enfòmasyon, ale nan:  
[schools.nyc.gov/run2019](https://schools.nyc.gov/run2019)**



# Lekòl nou yo bezwen paran tankou w!

## Kesyon moun poze souvan sou Konsèy Edikasyon

### Kiyès ki ka manm nan yon Konsèy edikasyon pou kominote?

Si w se paran yon elèv ki kounye a nan klas PreK-8yèm ane nan lekòl leta (ki pa charter) ... **Donk, ou ka poze kandida w pou CEC nan distri sa a.**

### Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou lekòl segondè?

Si w se paran yon elèv ki kounye a nan yon lekòl segondè leta, (ki pa charter) ... **Donk, ou ka poze kandida w pou CCHS a, pou reprezante borough kote lekòl segondè w la ye a.**

### Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè?

Si w se yon paran yon elèv ELL ki nan yon pwogram bileng oswa ESL, kounye a oswa nan dezan ki sot pase yo ... **Donk ou ka poze kandida w pou CCELL la.**

### Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou edikasyon espesyal?

Si w se yon paran yon elèv ki kounye a gen yon IEP k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal Depatman Edikasyon ofri oswa si se DOE ki peye pou sèvis ... **Donk ou ka poze kandida w pou CCSE a.**

### Kiyès ki ka manm nan Konsèy vil la pou distri 75?

Si w se yon paran yon elèv ki kounye ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan yon lekòl Distri 75 ... **Donk, ou ka poze kandida w pou CCD75.**

### Kiyès ki pa ka manm nan Konsèy sa yo?

Ou pa ka manm nan okenn konsèy edikasyon si w se yon otorite leta, anplwaye DOE, manm jiri pou regleman sou edikasyon (*Panel for Education Policy*, PEP), oswa si yo te revoke w nan nenpòt konsèy edikasyon, PA/PTA, SLT oswa Konsèy Prezidan oswa si yo te kondane w pou kèk krim.

### Kilè yo detèmine si w elijib?

Yo detèmine elijiblite apati dat ou voye aplikasyon pou poze kandida w pou yon pòs nan yon konsèy edikasyon.

**Pou nou mete w sou lis imèl nou, voye yon imèl nan:**

**Elections2019@schools.nyc.gov**

### Dat pou sonje pou eleksyon 2019 la

**14 fevriye - 6 mas:** Aplike pou yon Konsèy

**March 19:** Konferans kandida

**25 mas - 1ye me:** Ale nan fowòm kandida

**2 me - 14 me:** Manm egzekitif PA/PTA vote sou entènèt

**May 21:** Anons rezilta eleksyon yo

